



DONE SOU PWOJÈ A

DEPATMAN TRANSPÒTASYON NAN ETA FLORID

Golden Glades Interchange (GGI)

Re-evaliyasyon Northbound Express Lane (EL) Connector

Distri Sis - Nimewo Idantifikasyon Pwojè a: 418423-1-22-01

Florida's Turnpike - Nimewo Idantifikasyon Pwojè a: 437053-4-52-01

Biwo transpò nan Eta Florid (FDOT), Distri sis, pral fè yon re-evaliyasyon kèk gran chanjman nan plan wout SR826/Palmetto Expressway soti nan NW 27 Avenue rive nan estasyon Golden Glades la, epi sou I-95 soti nan SR916/ NW 135th Street/Opa-Locka Boulevard rive sou Florida's Turnpike Spur nan Miami-Dade County.

REZIME PWOJÈ A


Pwojè sa a pral konsantre sou kesyon pwoteksyon moun ak amelyorasyon nan jan sikilasyon an ap mache sou wout sa yo pou fè plas pou valè machin ki pral woule sou wout sa yo nan ane k ap vini yo, pou amelyore jan sikilasyon an ap fèt pou machin ki pral nan direksyon Nò pou al sou liy esprès I-95 yo ki pral konekte ak Florida Turnpike epi pou amelyore fason moun ki nan zòn nan ak moun k ap pase nan zòn nan fè deplasman yo sot nan yon sistèm transpò pou y al nan yon lòt.

DETAY PWOJÈ A

- Kesyon pwoteksyon moun ak amelyorasyon nan jan sikilasyon an ap woule nan direksyon Nò pou al sou liy esprès I-95 tou pre GGI la nan wete espas ki nan NW 151st Street la epi fè kèk pati nan sikilasyon an pase lòt kote
- Kreve yon koneksyon dirèk atravè liy esprès ki al nan direksyon Nò sou I-95 yo ki al konekte ak Florida's Turnpike Spur
- Chanje kote pou rantre sou wout Palmetto Express Lanes al mete yo pre NW 27th Avenue

DAT PWOJÈ A

Yo anvizaje re-evaliyasyon sa a ap fini an Me 2018. Konstriksyon an dwe kòmanse an Septanm 2021.



POU PLIS RANSÈYMAN

FDOT kòmanse yon kanpay pou ankouraje popilasyon an pran pa nan preparasyon plan wout yo pou asire popilasyon an jwenn chans pou yo ba li enfòmasyon konsènan pwojè a epi pou popilasyon kab di sa yo panse de plan wout yo. Lide ou genyen konsènan pwojè a enpòtan pou nou. Ou kab al tcheke sitwèb sa yo tou: www.fdotmiamidade.com/design-projects/expressways/state-road-sr-826palmetto-expressway-managed-lanes-design-projects-1 epi www.fdotmiamidade.com/design-projects/expressways/golden-glades-interchange-enhancement-projects. Mèsi pou patisipasyon ou.

Tanpri fè nou konnen ki jan ou ta renmen resevwa enfòmasyon konsènan lòt pwojè pi devan (pa lapòs, sou imel, oubyen lòt fason). Si w bezwen plis enfòmasyon konsènan pwojè sa a, tanpri kontakte Paulette Summers, Espesyalis ki la pou kenbe kontak ak kominote a, nan 786-510-3921, oubyen voye imel ba li nan psummers@mrgmiami.com.



Follow us on Twitter
twitter.com/MyFDOT_Miami



Like our Facebook Page
facebook.com/MyFDOTMiami



Subscribe to our YouTube Page
youtube.com/user/MyFDOTMiami